

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Kabudayaan nya éta kabiasaan manusa nu aya dina kahirupan sapopoé jeung alamna. Sélér Sunda mangrupa salasihiji sélér nu aya di Indonesia, tangtu miboga kabudayaan sorangan. Kabudayaan nu dipibanda ku urang Sunda disebut kabudayaan Sunda. Éta kabudayaan téh mangrupa hasil tina cipta, rasa jeung karsa manusa Sunda nu lumangsung sacara lila, sarta dipangaruhan ku alam sabudeureunna.

Unggal unsur kabudayaan nu *universal* nyampak dina tilu wujud kabudayaan, nya éta nu ngawengku sistem budaya (*ideas*), sistem sosial (*activitie*), jeung unsur-unsur kabudayaan pisik (*artefak*). Sistem réligi atawa kapercayaan miboga wujud salaku hiji sistem kayakinan atawa kapercayaan kana hasil pamikiran ngeunaan kapangeranan, déwa, roh, naraka, sawarga, jsté.

Koentjaningrat (1990: 205) nétélakeun yén kabudayaan ngawengku tujuh unsur universal, nya éta: 1) basa, 2) sistem pangaweruh, 3) organisasi sosial, 4) sistem téknologi, 5) sistem pakasaban, 6) sistem kapercayaan, jeung 7) sistem kasenian. Nilik kana éta, jelas pisan yén kasenian téh mangrupa salasihiji unsur kabudayaan.

Kabudayaan téh teu bisa leupas tina éta tujuh unsur. Ku kituna kasenian jeung kabudayaan rakaét patalina. Koentjaraningrat (2005:19) nétélakeun yén

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigosong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

kabudayaan (nu salasihijina kasenian) mangrupa ciciptan tina sagala pikiran jeung paripolah manusa nu fungsional, éstétis, jeung éndah, nepi ka bisa dirasakeun ku pancaindera. Salasihijina kasenian nu aya di Majalengka nya éta Sampyong.

Sampyong téh salasihiji kasenian ti daerah Majalengka nu bisa disebut hirup kénéh. Najan kitu, ieu kasenian téh méh pareum, ieu pintonan téh biasana dipintonkeun di acara-acara nu husus, misalna waé dina milangkala Kab. Majalengka jeung dina acara hajan-hajan (kawinan jeung sunatan).

Sampyong minangka kasenian pintonan masarakat, tangtu miboga kamonésan sorangan. Ayana kasenian Sampyong teu leupas tina maksud jeung tujuan diciptakeunana. Jaman baheula mah kasenian Sampyong téh disebutna Ujungan. Ieu kasenian téh dilahirkeun tina kabiasaan para jawara silat dina nangtukeun jeung milih jawara anu pangsaktina. Lian ti éta Sampyong mangrupa pintonan unggal jawara silat ngadu kakuatan fisik, sangkan meunang tempat jeung kasohor di masarakat. Jawara-jawara nu tandang diuji ku cara ngadu paneunggeul tina hoé maké téknik penca silat. Nu jadi pinunjulna nya éta anu pangsaeutikna diteunggeul jeung nu panglobana neunggeul musuhna. Tapi nu pangutama, ayana kasenian Sampyong téh pikeun ngalatih méntal fisik para pejuang, sangkan bisa ngalawan penjajah Walanda jeung Jepang.

Robahna jaman ngarobah ogé kana kabudayaan. Kasenian salasihiji unsur kabudayaan tangtu ngalaman parobahan, kaasup kasenian Ujungan, nu ngalaman parobahan dina pasualan ngaran jeung prak-prakanna.

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigosong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

Kiwari kasenian Ujungan atawa Sampyong lain milih jawara, tapi mangrupa média hiburan atawa pintonan rayat. Seni Sampyong ayeuna, dipintonkeun ku cara dipirig gamelan jeung saméméhna aya tata upacara. Ieu hal nandakeun aya maksud jeung tujuan nu dihontal.

Minangka tina bagian budaya, tradisi atawa kabiasaan téh biasana di antarana sok dilakukeun dina wujud kasenian, anu dilakukeun sacara turun-tumurun dina hiji masarakat nu tangtu, nu aya patalina jeung kahirupan éta masarakat.

Patali jeung hal anu dijéntrékeun di luhur, pikeun ngajawab rasa kapanasaran, panalungtikan miboga karep pikeun nganalisis sajarah simbol-simbol anu nyangkaruk dina kasenian Sampyong.

Saupama niténan panalungtikan nu aya, beunang kaitung nu nalungtik kasenian Sampyong téh, malahan mah langka pisan. Komo deui panalungtikan ngeunaan perkara simbol-simbolna. Panalungtikan ngeunaan kasenian Sampyong salasahijina nya éta, “Kesenian Sampyong di Kabupaten Majalengka: Suatu Tinjauan Historis Terhadap Pelestarian Nilai-Nilai Budaya Lokal” (Iwan, 2009).

Nilik kana tinimbangan di luhur, bawirasa perlu diayakeun panalungtikan kana ieu kasenian. Lantaran éta, panyusun méré judul kana ieu panalungtikan nya éta *Simbol-simbol dina Kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA*. Mung dina ieu panalungtikan bakal leuwih museur kana perkara simbol-simbol nu aya nyampak dina ieu kasenian.

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

1.2. Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, loba pisan ajén pangaweruh anu nyangkaruk dina kasenian Sampyong. Sangkan leuwih museur ieu panalungtikan diwatesan nya éta sakur medar simbol-simbol dina kasenian Sampyong anu aya di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka, sarta ngalarapkeun dina bahan pangajaran basa Sunda, nya éta pangajaran “Maca bahasan kasenian” di SMA.

1.3. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kaayaan kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka?
- 2) Kumaha sajarah kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka?
- 3) Kumaha simbol-simbol kasenian Sampyong nu aya di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka?

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

- 4) Kumaha implikasi simbol-simbol budaya dina kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka pikeun bahan pangajaran “Maca bahasan kasenian” di SMA kelas XII?

1.4. Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan pikeun maluruh kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka.

1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Kaayaan kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka;
- 2) Sajarah kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka;
- 3) Simbol-simbol nu kapaluruh tina kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka; jeung
- 4) Implikasi simbol-simbol dina kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka pikeun bahan pangajaran “maca bahasan kasenian” di SMA kelas XII.

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

1.5 Manfaat Panalungtikan

1.5.1 Manfaat Tioritis

Manfaat secara tioritis anu dipiharep bisa kahontal tina ieu panalungtikan, nya éta ngalengkepan pangaweruh anu patali jeung kabudayaan Sunda, hususna dina widang kasenian.

1.5.2 Manfaat Praktis

Manfaat secara praktis anu dipiharep bisa kahontal tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Pikeun nambahan pangaweruh jeung wawasan ngeunaan kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka.
- 2) Pikeun nambahan bahan pangajaran basa Sunda anu patali jeung kabudayaan atawa kasenian daerah, hususna dina pangajaran “Maca bahasan kasenian” di SMA kelas XII.

1.6 Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan nyoko kana sababaraha anggapan dasar, nya éta:

- 1) Unggal sélér bangsa tangtu miboga kabudayaan;
- 2) Kasenian Sampyong mangrupa kasenian daerah Majalengka nu jadi asét kabudayaan urang Majalengka hususna, sarta urang Sunda umumna;
- 3) Kabudayaan Sunda kudu diwanohkeun ka generasi ngora, kaasup para siswa;

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

- 4) Ngawanohkeun kabudayaan Sunda ka para siswa bisa dina pangajaran basa Sunda; jeung
- 5) Panalungtikan ngeunaan simbol-simbol dina kasenian Sampyong bisa jadi alternatif dina nangtukeun bahan ajar kabudayaan, utamana ngeunaan kasenian daerah.

1.7 Sistematika Penulisan

Sistematika penulisan dina ieu panalungtikan ngawengku:

- 1) BAB I: Bubuka, nu eusina ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, sistematika penulisan;
- 2) BAB II: Kajian Tiori, nu eusina ngeunaan wangenan kabudayaan, kasenian Sampyong, wangenan Sémiotik, wangenan sombol-simbol jeung bahan pangajaran maca, nu dipaké tatapakan tiori dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan;
- 3) BAB III: Métodologi panalungtikan, nu eusina ngeunaan sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik panalungtikan, jeung téhnik analisis data;
- 4) BAB IV: Analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan nu eusina ngeunaan kaayaan, sajarah, jeung sombol-simbol dina kasenian Sampyong di

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigosong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

Kelurahan Simpeureum Kecamatan Cigasong Kabupaten Majalengka, jeung implikasi dina bahan pangajaran maca; jeung

- 5) BAB V: Kacindekan jeung saran, nu eusina ngeunaan kacindekan tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun, jeung harepan panalungtikan pikeun lajuning laku kana ieu panalungtikan.



Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kecamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA